## ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН

Художествияб адабияталъ к1удияб кумек гьабула кинабго рахъ камилав инсан куцазе, г1агараб халкъалъул рух1ияб бечелъиялъул къуч1алда г1олилазе тарбия кьезе.
Гьединлъидал школалда малъизе т1аса рищун руго ц1алдохъабазе мустах1икъал, маг1наялъул ва мац1алъул рахъалъ щвалде щварал авар литератураялъул ва вацлъиялъул миллатазул цо-цо асарал. Гьезда т1ад х1алт1улаго, лъималазда лъазе ккола художествиял асаразул анализ гьабизе, гьезие бит1араб къимат кьезе ва адабияб теориялъул к1вар бугел баяназдаса пайда босизе, гьелдаго цадахъ гьезие рагьизе ккола художествияб каламалъул пасих1лъи ва гьварилъи. Раг1ул устарлъиялъул асарал малъи ккола адабияб курсалъул аслияб рахълъун.
Малъиялъул мурадлъун ккола раг1ул устарлъиялда лъимал хадур гъезари, камилал художествиял асаразда гъорлъе раккизе ругьун гьари, пасих1аб сипатияб каламалъул тату лъаялде гьел рачин, гьелъул къуч1алда асаразулъ рихьизарурал обществиял гьоркьорлъабаздалъун, г1адамазул г1амал-хасиятаздалъун авторасе абизе ва бихьизабизе бокьараб аслияб пикру рагьиялде ва бич1ч1иялде рач1ин.
Адабияб курсалда жаниб хасаб бак1 ккола ват1ан хиралъиялъул, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи ккеялъул, дунялалъулго зах1матхалкъалъул мурадал ц1униялъул асар ц1алдохъабалъ куцаялъ.
Адабияталъул дарсаз лъимал т1амула миллатазул адаб-х1урмат гьабизе, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи, вацлъи бищун къиматаб бечелъи х1исабалда къабул гьабизе. Гьеб мурадалъе г1оло ц1алдохъабаз лъай-хъвай гьабула цогидал миллатазул литератураялдаса авар мац1алде руссинарурал лъик1ал асаразулгун.
Лъайгун тарбия кьеялъул масъалабиги, ц1алдохъабазул г1елалъулаб х1албихьиги х1исабалде босун, авар мац1алда литератураялъул курс г1уц1ун буго к1иго бут1аялдасан: т1оцебесеб V-IX классазда литературияб ц1али, к1иабилеб — дагъистаналъул литератураялъул курс.
V-IX классазе ц1алул материал кьун буго тарихиябгун-тематикияб ва жанразул тартибги ц1унун. Гьениб х1исабалде босула байбихьул классазда ц1алул дарсазда лъималазе щвараб х1албихьи ва гьениб лъураб къуч1алда г1уц1ула хадубккун литературияб ц1али.
V-IX классазда малъизе программаялда рихьизарун руго лъайгун тарбия кьеялъе лъик1ал ресал ругел, рич1ч1изе бигьаял, художествияб рахъалъ щвалде щварал халкъияб к1алзул гьунаралъул, авар адабияталъул ва вацлъиялъул миллатазул хъвадарухъабазул т1аса рищарал асарал.

Гьаб программаялъул аслияб т1алаб: литератураялде лъималазул рокьи ц1ик1к1инаби; чвахун ва пасих1го ц1алиялъул бажари камиллъизаби; малъулел асаразул гъварилъуде раккизе ва аслияб пикруялда (идеялда) хадур гъезе к1везелъун, анализалъе авалияб роцада лъимал ругьун гьари, т1ахьал ц1ализе гьира-шавкъ бижизаби.

V-IX классазе т1аса рищарал асараз рес кьола ц1алдохъабазул г1умруялъул х1албихьи бечед гьабизе, сипатияб каламалъул лазат босизе лъималазда малъизе, гьезулъ рух1ияб сахаватлъи куцазе, г1умруялда дандч1валел г1емерал лъугьа-бахъиназе бит1араб къимат кьезе ругьун гьаризе.

Щибаб классалъул курс г1уц1ун буго тарихиябгун тематикияб тартибги ц1унун. Гьелъ рес кьола лъималазул лъай

г1амлъизабизе, литературиял асаразда кколел лъугьа-бахъинал ч1ванкъот1араб тарихияб заманалда хурхарал рук1ин ц1алдохъабазда бич1ч1изабизе, ва гьезда бихьизабизе гьел асаразда жаниб бат1и-бат1ияб тарихияб заманалъул г1адамазул г1умруги г1амал-хасиятги ва рук1а-рахъинги гвангъун цебеч1езабун бук1ин; гьелдаго цадахъ лъималазе рагьула жакъасеб къоялдаги гьел малъулел асаразул бугеб к1вар: гьанжесеб г1умруялъе бит1араб къимат кьун бажаруларо, аралда данде кквеч1ого.

Х-ХI классазда малъула дагъистаналъул литература.

Х-ХI классазда малъизе х1исабалде росун руго дагъистаналъул вацлъиялъул миллатазул машгьурал раг1ул устарзабазул т1асарищарал асарал.

Т1асиял классазда авар ва дагъистаналъул литература малъиялъул аслияб масъалалъун ккола художествиял асарал гъваридго рич1ч1улев, гьезул идеялда (аслияб пикруялда), сипатияб каламалъул хаслъабазда хадув гъолев, гьезие бит1араб къимат кьун бажарулев, жиндир халкъалъул рух1ияб бечелъи босарав чилъун щивав ц1алдохъан вахъинави.

Авар адабияталдаги инсаниялъего г1аммал образал ратизе ва ратlа рахъизе лъимал ругьун гьарула. Учителас ц1алдохъабазда малъула, халкъалъ ч1езарурал рух1иял г1урхъабазда рекъон, героязул хьвада-ч1вади, г1амал-хасият борцине. Гьебго х1алт1и г1урус адабияталъул дарсаздаги гьабулелъул, к1иябго адабияталда рух1иял т1алабал т1урараб куц данде ккун, г1аммал рахъал ратани, лъимал х1асилалде рачине зах1малъуларо.

Школалда малъизе т1асарищун руго хъвадарухъанасул художествияб рахъалъ камилал, тарбия кьеялье мустах1икъал асарал.

Ц1алдохъабазда т1адаб буго классалданиги рокъобниги гьел асарал т1уранго ц1ализе. Ц1алулаго лъугьараб рух1ияб асаралъул кьуч1алда гьабула анализалъулаб х1алт1иги.

Асарал малъулаго, хъвадарухъанасул г1умруялъул ва творческияб нухалъул х1акъалъулъ баяналги кьезе ккола. Гьелъ квербахъула художествиял асарал гъваридго рич1ч1изаризе гуребги, ват1аналъе рит1ухъав, халкъалъул рух1ияб байрахъ борхатго кквезе къеркьарав раг1ул устарасул х1алуцараб г1умру, жигараб х1аракатчилъи баян гьабизеги. Гьелъул х1асилалда ц1алдохъабазда цебе ч1езе ккола т1олабго жиндир пагьму-гьунарги рек1ел бух1иги хирияб Ват1аналъе, г1агараб халкъалъе хъулухъалъе кьурав г1акъилав авторасул гвангъараб сипат.

Аваразул ва дагъистаналъул цогидалги миллатазул адабияталъул г1аммаб цебет1еялъул бицинеги программаялда заман бихьизабун буго.

Анализ гьабулелъул, т1адч1ей гьабула малъизе рихьизарурал асаразда ва пайда босула цереккун малъараздаса.

«1946-1990 соназда дагъистаналъул халкъазул адабият» малъулаго, т1адч1ей гьабизе ккола программаялда кьурал т1асарищарал асаразда.

Х-ХI классазда дагъистаналъул цогидал миллатазул литератураялдаса бищун лъик!ал раг1ул устарзабазул цо-цо асарал гъваридго малъиялъ рес кьола Дагъистаналъул халкъалъул гъунки, рух1ияб цолъи, г1ахьалаб къисмат, бат1и-бат1ияб кьералъул цогояб культура бук1ин бихьизабизе, миллатазда гьоркьоб гьуинлъи-вацлъи бищун т1адег1анаб хазиналъун лъугьин баян гьабизе. Дагъистаналъул хъвадарухъабазул цебесеб ва гьанжесеб къисматалъул релълъен, гьезул адабият цогояб чвахиялде свери баянго бихьизабизе бигьалъула, дандеккун хал гьабураб мехалъ.

Программаялда мух1канго ч1езарун руго щибаб классалда лъималазда лъазе кколел литературияб теориялдаса баянал. Теориялдаса авалиял баянал кьезе байбихьула 5 классалда, хадубккун гьезул сиях1 ц1и- к1к1инабизе, малъарал гъварид гьаризе х1исабалде росун руго. Асаразул анализ гьабулелъул, ц1алдохъабаз теориялъул баяназдаса г1ат1идго пайда босизе ккола.

Х-ХI классазда мугъч1вай гьабула гlурус адабияталъул дарсазда малъарал адабияб теориялъул баяназда.

Раг1а-ракьанде щун, адабияб лъай кьеялъул масъала т1убан бажаруларо, г1ат1идаб къаг1идаялъ класстун къват1исеб ц1али г1уц1ич1ого. Гьединлъидал чара гьеч1ого т1убазе ккола класстун къват1исеб ц1алиялъул программаги.

Гьезда тlасан гара-ч1вари гьабизе хасал дарсалги рихьизарун руго. Муг1алимасда т1адаб буго ц1алдохъабазе ц1ализе кьезе цох1о рихьизарурал гурелги, ахираб заманалъ басмаялде рахъарал, критиказ рецщарал ц1иял асаралги.
Щибаб классалъул программаялда кьун буго к1алзул ва хъвавул калам цебет1езабизелъун т1орит1изе кколел х1алт1абазул къадар.

# Авар адабият 6 класс

| № | Дарсил тема | Саг1тазул къалар | Дарсил мурад | Рокъобе х1алт1и |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Авар адабият ва г1умру | 1 | 1. Лит.асаразул тайпабазул бици;<br>2. Фальклоралъе г1аммаб баян кьезе;<br>3. Авар адабияталде рокьибижизаби. | Гьум 3-6 |
| 2 | Къайицадахъал. | 1 | 1. Халкъияб к1алзул гьунаралъул асаразе баян кьезе;<br>2. Маргьабазул тайпабазул бици;<br>3. Рит1ухълъи цебегьаби-маргьаялъул аслияб мурад бук1ин бич1ч1изаби | Гьум 7-9.<br>Бицине |
| 3 | Ралъдал чу.<br>Маргьаялъул анализ | 1 | 1. Маргьа ц1али;<br>2. «Къварилъи бихьич1ого, г1ат1илъи щоларо» - абураб кициялъул маг1на бици;<br>3. Маргьаялъул анализ гьаби;<br>4. Гьунар ц1ик1асул ц1ар к1одо гьаби<br>5. Ц1алул бажари борхизаби | Гьум 9-20.<br>Суратбахъизе |
| 4 | Муг1рузул Г1али | 1 | 1. Ц1алул бажари борхизаби<br>2) К1алзул гьунаралъул асаразде рокьи ц1ик1к1инаби | Гьум 21-25 |
| 5 | Муг1рузул Г1али.<br>Анализ | 1 | 1. Кинаб къимат мац1ихъанлъиялъе халкъалъ кьолеб бугеб бихьизабизе;<br>2. Ц1алул бажари борхизаби | Гьум 21-27.<br>Кесек рек1ехъе лъазабизе |
| 6 | Халкъияб к1алзул гьунаралъуласаралъул х1акъалъулъ баян. | 1 | 1. Халкъиял к1алзул гьунаралъул асаразул бици;<br>2. Маргьабазул тайпаби такрар гьари<br>3. Маргьабазде рокьи ц1ик1к1инаби | Гьум 27-30 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | Г1. Хачалов « Г1акъилаб къадако» | | | |
| 7 | Заирбег Г1алиханов.<br>Беццаб сапар<br>Халкъиял маргьабаздаги ва литературияздаги гьоркьоб бат1алъи | 1 | 1.Хъвадарухъанасул г1умруялъул х1акъалъулъ къокъаб баян кьезе;<br>2. Сих1ру ва макру рик1к1ад гьабизе кколеблъи бич1ч1изабизе<br>3. Маргьабазда гьоркьоб бугеб бит1алъи бихьизаби;<br>4. Ц1алул бажари борхизаби | Гьум 35-49<br>Гьум 49-51 |
| 8 | Г1. Шахтаманов.<br>Халкъалъул ццин | 1 | 1. Шаг1ирасул г1умруялъул х1акъалъулъ къокъаб баян кьезе;<br>2. Бах1арчилъи ц1алдохъабазулъ бижизаби | Гьум 54-59 |
| 9 | Халкъалъул ццин.<br>Анализ | 1 | 1. «Цо чияс бо г1уц1ула, цо чияс бо биххула», - абураб кициялъул маг1на бич1ч1изаби;<br>2. Ц1алул бажари борхизаби | Гьум 54-63 |
| 10 | И. Г1алих1ажияв.<br>«Рицинин цо хабарал».<br>Кицаби ялалфазал | 1 | 1. Хъвадарухъанасул г1умруялъул х1акъалъулъ къокъаб баян кьезе;<br>2. Ц1алдохъабазул зах1маталдехун бугеб рокьи ц1ик1к1инаби;<br>3. Бац1ц1адаб, г1ет1 т1ун щвараб маг1ишаталда бугеб баракаталъул бицине<br>4. Коч1ол анализ гьабизе.<br>5. Ц1алул бажари борхизаби | Гьум 65-68.<br>5 рек1ехъе лъазабизе |
| 11 | Хъ.Мах1муд.<br>Рек1елъ иях1бугев аск1овег1ан ц1ай | 1 | 1. Хъвадарухъанасул г1умруялъул х1алкъалъулъ къокъаб баян кьезе;<br>2. Чияр зах1мат кваналел макруял чаг1азул къасдал къват1ир ч1вазарун ругеб куц;<br>3. Ц1ияб г1умру т1аде щолеб бук1ин бихьизабизе шаг1ирасул бугеб рак1ч1ей бихьизабизе. | Гьум 70-73.<br>Рек1ехъе лъазабизе |
| 12 | Батирай.<br>Бах1арчиясул куч1дул | 1 | 1. Г1умруялъул х1акъалъулъ баянал кьезе;<br>2. Батирайил заманаялъ Ват1ан ц1униялъул бук1араб ц1арги к1варги лъазе;Багьадурасул кинаб г1амал-хасият бук1ине кколеб бихьизабизе.<br>3. Батирайил коч1олаб каламалъул гъварилъи, | Гьум 74-77.<br>Рек1ехъе лъазабизе |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | г1адатлъи,къокълъи.<br>4. Метафораялъе аслияб бич1ч1и кьезе; | |
| 13 | Ахтиса Х1ажи. «Мискинчияс Г1акълу кьуни», «Цо кагъат бит1е»<br>КъуркълисаЩазал г1умру вакъисмат | | 1. ПасихIго, пикругьабун, асаралцIализе.<br>2. Асараздахурхунсуалалкьезе.<br>3. Асараздахурхун, суалазежавабалкьезе.<br>4. Авторасулкинаббербалагьиасаразулгерояздехунбугебал иургъизе.<br>5. Щибмурадалдахъварабасаралипикругьабизе.<br>1. Щазал г1умруялъул х1акъалъулъ баян;<br>2. Г1адамазе наг1ана, кьезебегьулареблъибициневалъазе;<br>3. Бечедав вук1иналъ жиндиещолареввасасячинилангигуккун, рехунтарайясалъул кьог1аб къисматбихьизаби;<br>4. Рокьи г1азаб, рух1ияб бечелъирагьизе коч1охъаналъул бугебгьунар | Гьум 84-86 |
| 14 | ЙирчиГъазахъ. «Сибиралдасакагъат» «Икъбал» | 1 | 1. Хъвадарухъанасул г1умруялъул х1акъалъулъ баянал;<br>2. Зулмугьаби, х1ач1лъи лъик1аб г1амал-хасият гьеч1еблъи лъазе;<br>3.Ват1анги тезабун, Сибиралде рит1арал дагъистаниязул кьог1аб г1умруялъул сурат цебеч1езабун бугеб куц бихьизабизе<br>4. Туснахъ къот1аразул рижарабракьалъухъурхъибихьизабизе<br>5. . Бечелъиялдебалагьун, чиясулкъадруборцунебсоциалияб г1уц1иялде авторас г1унт1изабулеб г1айиб бихьизаби | Гьум 78-83 |
| 15 | Калам цебет1езаби. | 1 | 1. К1алзул вахъвавул калам цебет1езаби:<br>2. Малъараб материал такраргьаби. | |
| 16 | 20 г1асруялъул авар адабият. Ц1. Х1амзат.<br>Г1умру ва адабияб х1аракат Шамил. Чоде бет1ергьанас хъвараб. | 1 | 1. Поэтасул г1умруялъул х1акъалъулъ баяналкьезе;<br>2.Ц1алдохъабазул рокьи бижизабизе Х1амзатил хъвадарухъанлъиялде;<br>3. Коч1охъанасул махсара, чода бадибч1вай, г1айибал гьари, гьел гьариялъе<br>4.Цалул бажари борхизаби | Гьум 87-92.<br>Гьум 92-94 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | 5.Халкъияв багъадурасде бугьтанал лъей, къуч1 гьеч1ел ч1орал, раг1и рехи-мекъаб иш бугинабураб шаг1ирасул пикру коч1олъ загьирлъи;<br>6.Шамилил бах1арчияб тарихалъе къимат кьезе; | |
| 17 | Пилги ц1унц1раги | 1 | 1. Жиндирго къуваталде мугъч1вайги гьабун, ч1ух1и бихьизабураб пилалъул мисалалдасан шаг1ирас г1адамасулъ рекъеч1еб пахруяб ч1ух1и какулеб куц лъай ;<br>2. Баснялъул насих1ат | Рек1ехъе лъазабизе |
| 18 | Маймалакги ц1улал устарги Басня | 1 | 1. Жиндир гуреб иш т1аде босарав чи сурулеб куц бихьизаби;<br>2. Г1амал к1одолъи, рак1ч1ей, хъулухъ гуреб иш бот1роде боси квешаб жо бук1ин лъазе<br>3.Баснялъул х1акъалъулът баян кьезе;<br>4. Бит1ун, бич1ч1ун, пасих1го ц1али;<br>5. К1алзул калам цебет1езаби | Гьум 94-97 Нижер кету. Нижер г1ака. Сочинение лъугьина-бизе |
| 19 | Заид Х1ажиев.<br>Х1анч1ик1к1ал<br>ц1али | 1 | 1. Г1умруялъул х1акъалъулъ баянал кьезе;<br>2. Гогьдари, г1амал к1одолъи-сури бук1ин бихьизаби;<br>3. Ц1алул бажари борхизаби | Гьум 100-106 |
| 20 | Х1анч1ик1ак1ал.<br>Анализ | 1 | 1. Баснялъул анализ гьаби;<br>2. Ц1одораб х1инч1 х1анч1алъе ин вацадахъ х1алт1иялдаса щвараб роххел, гагул макрулъи;<br>3. Х1анч1азул эркенаб зах1матги гагул пахрулъиги бихьизабизе шаг1ирас х1алт1изарурал сипатиял раг1аби ратизе лъай | Гьум 103-110 |
| 21 | Цакьугициги | 1 | 1. Рек1елъ чаран бук1ин чилъиялъул аслияб шарт1кколеблъи Цакьулги Цилги мисаладалъун шаг1ирас загьир гьабун бугеб куц;<br>2. Ц1алул бажари борхизаби | Гьум 110-113 |
| 22 | Р. Динмух1амаев. Хиянатчи | 1 | 1. Хъвадарухъанасул г1умруялъул х1акъалъул къокъаб баян;<br>2. Ват1аналде къо ккараб мехалъ, нахъекъан ч1арав чиясул рогьояб г1умру ва гьелъул кколеб инжитаб ахир бихьизаби; | Гьум 114-128 |
| 23 | Хиянатчи.<br>Хабарияласаразултайпаби | 1 | 1. Ват1аналъе хилиплъарав чияс жиндирго г1агарлъи, йокьарай яс учузго ричулеб куц бихьизаби; | Гьум 128-139 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | 2. Ц1алул бажари борхизаби<br>3. Хабариял асаразе баян кьезе; | |
| 24 | Р. Х1амзатовасул Творческияб нух | 1 | 1. Хъвадарухъанасул г1умруялъул х1акъалъулъ баян кьезе;<br>2. Р. Х1амзатов -ч1ух1и | Гъум 140-143 |
| 25 | Россиялъул солдатал. Анализ | 1 | 1. Халкъазд агъоркьоб гъудуллъи, г1адамазе Ват1аналъул хиралъи, рагъухъабазул бах1арчилъи, рух1ияб бечелъи бихьизабун бугеб гъунаралъул бицине;<br>2. Ц1алул бажари борхизаби<br>4.Рагъул кинабсипат–сурат кьун бугебали бицине;<br>5.Вацлъи щулалъизабизе кколеблъи бихьизабизе;<br>6. Ц1алул бажари борхизаби | Гъум 143-150 Суратбахъиз е |
| 26 | Р. Х1амзатов. Къункъраби | 1 | 1. Ват1аналъул намус ях1 ц1унун рагъарал, х1алт1арал бах1арзазе сайгъат гьабураб кеч1 бук1ин лъай;<br>2. Ц1алул бажари борхизаби | Гъум 151 Рек1ехъе лъазабизе |
| 27 | Ф. Г1алиева. Диррахьдал мац1<br>Сочинение | 1 | 1. Поэталъул г1умруялъул баянал кьезе;<br>2. Мац1 гьеч1они, гьеч1о миллат. Миллат т1аг1арал къавмал – рух1ияб иццкъараб къулг1а бук1ин бич1ч1изаби<br>3. Рух1ияб хазина – рахьдал мац1 ц1унеян Фазуца балеб ах1и<br>4. Авар мац1алде бугеб рокьи ц1ик1к1инаби;<br>5. Мац1 гьеч1они – гьеч1о миллат;<br>6. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Гъум 153-157 Сочинение лъугьина-бизе |
| 28 | Х1. Х1ажиев. Г1алибегил къулг1а.<br>Тексталда т1ад х1алт1и | 1 | 1. Г1умруялъул х1акъалъулъ къокъабго баян кьезе;<br>2. Г1алибегилги гьесул ч1ужу Айизалги г1аданлъи, рек1ел сахаватлъи, адаб х1урматгун инсан к1одо гьавизе бугеб гьунар бихьизабун бугеб куцалъул бицине;<br>3. Сверухъ бугеб т1абиг1аталдехун херав маг1аруласул бугеб рокьива т1алаб<br>4.К1алзул калам цебет1езаби;<br>5. Г1аданлъи, адаб-х1урмат гьаби – нилъер аслияб налъи бук1ин бич1ч1изаби | Гъум 158-166. Сурат бахъизе |
| 29 | М. Г1абдух1алимов Госпиталалъул вас | 1 | 1. Поэтасул г1умруялъул х1акъалъулъ къокъаб баян кьезе;<br>2. Бах1арчилъи, къвак1и бищун лъик1ал г1амалал рук1ин | Гъум 168-188. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | 1-4 бут1а | | лъазе;<br>3. Х1амзатилги Сахратилги гьудуллъи ккей;<br>4. Лъукъарал солдатаз Х1амзатил эбелалъул х1урмат гьабулеб куц бихьизабизе лъай<br>5. Ц1алул бажари борхизаби | |
| 30 | Госпиталалъул вас.<br>Анализ | 1 | 1. Анализ гьаби;<br>2. Асаралъул г1уц1иялъул бици;<br>3. Ц1алдохъабазулъ бах1арчилъи бижизабизе | Гьум 168-188. |
| 31 | Багъатар.<br>Дихъралагьун ч1а, муг1рул.<br>Анализ. Пейзаж | 1 | 1. Хъвадарухъанасул г1умруялъул х1акъалъулъ баянал;<br>2. Муг1рузде, т1абиг1аталде, сверухълъиялде рокьи жегиц1ик1к1инаби.<br>3. Пейзажалъе аслияб бич1ч1и кьезе;<br>4. Багъатарица т1абиг1аталъе кинаб къимат кьун бугебали бихьизабизе;<br>5. Г1исиназдаги ч1ах1ияздаги гьоркьоб гьудуллъи бихьизаби<br>6. Х1айваназдехун рокьи ц1ик1к1инаби;<br>7. Ц1алул бажари борхизаби | Гьум 190-210 |
| 32 | ЭффендиКапиев.<br>Разведчикал. Сабаб.<br>Маг1арухъ чвахунц1ад.<br>Очеркалъул х1акъалъулъ баян | 1 | 1. Шаг1ирасул г1умруялъул х1акъалъулъ баян кьей;<br>2. Тушманасдаса рец1ел босизе бугеб г1ишкъу бихьизаби;<br>3. Ват1аналде жегирокьи ц1ик1к1инаби;<br>4. Бергьенлъиялъулицц – халкъазул гъункараб цолъи, Ват1аналде рокьи бук1ин бихьизаби<br>5.Рагъда хвалдаса ц1унулеб сабаб – ц1одорлъи, бах1арчилъи, х1инкъи лъангут1и бук1ин лъай.<br>6. Чвахунц1ад бан хадуб т1абиг1аталъул хиса-басиязул бицине лъай;<br>7. Т1абиг1ат-нилъер аслияббечелъи бук1ин бич1ч1изаби;<br>8.Ц1алул бажари борхизаби. Очеркалъе баян кьезе; | Гьум 212-222.<br>Гьум 222-226 Кесек рек1ехъе лъазабизе |
| 33 | Мух1амад-Султ1ан Ях1яев.<br>Питна. Г1урул ханал | 1 | 1. Шаг1ирасул х1акъалъулъ къокъал баянал кьезе;<br>2. Лъималазул гьудуллъи-вацлъи биххизабизе, гьезда гьоркьоб | Гьум 227-237. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | питна бекьулев ягъзин вихьизави. Гьудулзаби рагъизе т1ами ва гьелъул х1асил бич1изаби ;<br>3. Гьалмагъзаби гуккун, ц1ар босизе къвариг1арав ц1алдохъанасул квешаб г1амал бихьизаби. Х1арам кида-къадги т1атинч1ого хут1унгут1и бихьизаби;<br>4.Лъималазда гьоркьоб х1алихьалъи бегьунгут1и бихьизаби;<br>5.Ц1алул бажари борхизаби | Гьум 227-247 |
| 34 | Гъ. Бах1андов «Эмен».ХашагисаБецавКъурбан. МискинавШахул яс | 1 | 1. Х1алихьали къват1иб ч1вазаби;<br>2. Ц1алул бажари борхизаби | Гьум 248-250 |
| 35 | Х1асил гьабиялъулдарс | 1 | 1. К1алзул калам цебет1езаби | |

Гьел х1алт1аби щулаго рухьарал руго адабиял асарал малъиялда. Гьединльидал лъималги ругьунлъула сипатияб каламалде, поэтазул, хъвадарухъабазул пасих1аб мац1алде, раг1аби дандразе, хабар г1уц1изе, маг1наялда рекъараб форма батизе, жидерго пикру къокъго ва баянго загьир гьабизе. Гьелдалъун асаразул анализ гьабизеги, гьезие къимат кьезеги ц1алдохьабазул бажари борхула.
Программаялда ч1езабун буго, адабияталъул курс малъулаго, лъималазе щвезе кколеб лъаялъул ва лъугьине кколеб бажариялъул мух1канаб г1урхъи-рахъ. Лъазе ккола малъулел асаразул х1асил бицине, щибаб классалъул программаялда кьурал литературияб геориялъул баяназдаса г1ат1идго пайда босизе, программаялъ т1адаллъун гьарурал текстал рек1ехъе ц1ализе.
Ругьунльиялъулгун бажариялъул т1алабал к1ийиде рикьун рихьизарун руго:
-Асаралъул анализ гьабун ва гьелъие къимат кьун бажари;
-Калам г1уц1ун бажари.
Программаялда бихьизабун буго щибаб художествияб асар малъизе бикьун кьураб ц1алул заман.
Адабияталъул дарсазда цадахъго г1ат1идго бачине ккола класстун къват1исеб х1алт1иги: адабияб кружок, лигературиял х1аял, пасих1го куч1дул, харбал ц1алиялъул къецал, бихьаралда т1асан гара-ч1вари г1уц1и, поэтазул, хъвадарухъабазул бак1азде сапарал гьари, литературиял музеязде щвей, халкъияб к1алзул гьунаразул асарал рак1ари г1адал тадбирал.

**Лъаялъул ва бажариялъул рахъаль VI классалъул
ц1алдохъабазда цере лъолел аслиял т1алабал**

**Ц1алдохъабазда лъазеккола:**
-лъазарурал асаразул вагьезу лавторазул ц1арал;
-лъазарурал адабиял терминал, багьадурасулва т1абиг1аталъул сурат, гипербола.
-программаялда рек1ехъе лъазаризе рихьизарурал текстал.

**Ц1алдохъабазухъа бажаризеккола;**
-Минуталда жаниб 100-110 раг1и кколеб хехлъиялда лъазарурал текстал рит1ун, раг1ун ва чвахун ц1ализе:
-асаралдасахасаллъугьа-бахъиналрат\арахъизе;
-лъазабулеб асаралда жанир колел лъугьа-бахъиназда гьоркьоб заманияб ва г1илла-мурадияб бухьен ч1езабизе;

-лъазабулеб асаралъул тексталда жанир сипатиял раг1аби ратизе;
-лъазабулеб асаралъул багьадуразул ишазде балагьун, гьезул г1амал-хасияталъул бицине;
-художествиял, рич1ч1изе бигьаял г1елмиял текстал рит1ун, чвахун, раг1ун ц1ализе;
-художествиял асарал пасих1го ц1ализе;
-гьит1инаб асар, яги к1удиялъул кесек изложение х1исабалда бицинеги хъвазеги;
-зах1маталъул темаялда сочинениял хъвазе;
-хабарияб асаралъул, яги гьелъул цо бут1аялъул план г1уц1изе;
асаралъулбагьадураздехунвалъугьа-бахъиназдехунлъугьарабберталагьигизагьиргьабун, жинцаго ц1аларал асаразекъиматкьезе.

# Авар адабият 9 класс

| № п/п | Дарсил тема | Саг1тазул къадар | Дарсил тайпа | Дарсил мурад | Рокъобе х1алт1и | Программаялъулаб къо-моц1 | Х1ужжаялъулаб къо-моц1 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 1950-1990 аб. соназда авар адабият | 1 | Лекция | 1. Адабият халкъалъул г1умруялда хурхараб бук1ин бихьизаби. Жамаг1аталъул пикру цебет1еялъе миллияб адабияталъул квербакъи ва лъайгун тарбия кьеялъе гьелъул бугеб к1вар бихьизаби | 1950-1990 аб. соназда авар адабият | | |
| 2 | Р. Х1амзатов. Дир рак1 муг1рузда буго | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Шаг1ирасул х1акъ. баянал рак1алде щвезари;<br>2. Поэмаялда жанир шаг1ирас жиндирго х1акъалъулъ хасияtал загьир гьарун ругеб куц бихьизаби;<br>3. Нилъерго муг1рузде ва т1абиг1аталде рокьи ц1ик1к1инаби;<br>4. Ц1алул бажари борхизаби | Расул Х1амзатова-сул г1умру ва хъвадару-хъанлъи | | |
| 3 | Дир Дагъистан. Мац1 Хъвадарухъанасул зах1мат. Хъвадарухъанасул рит1ухълъи, лебаллъи | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. «Дир Дагъистан»- инсанасул ва дунялалъул х1акъалъулъ пикрабазул т1ехь бук1ин бици;<br>2. Нилъер мац1 ц1унизе кколеблъи бич1ч1изаби1. Г1умруялъул х1акъалъулъ бици;<br>2. Хъвадарухъанасул х1акъалъулъ накъит гьаби | Гьум. 23-35 | | |
| 4 | Эбелалде.<br><br>Авар мац1.<br><br>Милъиршаби. | 1 | Комбин. | 1. Лъималазде эбелалъул рокьул к1одолъи ва гъварилъи, гьезул ургъалида ва рух1алида г1умру унел улбузда цере лъимал кидаго налъулаллъун хут1и бихьизаби;;<br>2. Авар мац1 нилъер рух1ияб бечелъи бук1ин бихьизаби;<br>4. Умумуз ирсалъе тараб гьеб хазина наслабазе ц1унич1они, халкъ ц1унулареблъи бич1ч1изаби3. | Гьум. 49-50 | | |
| 5 | Г1абдулмажид | 1 | Ц1ияб | 1. Шаг1ирасул г1умруялъул х1акъалъулъ гара-ч1вари; | Гьум. 54-57 | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Хачалов. Хваразул ц1аралдасан | | дарс бици | 2. «Бах1арчиги х1алихьатги цого хабалалъ лъола, халкъалъин абуни, цоясе бет1ер къулула, цоясе наг1ана кьола» абураб халкъияб абиялъе баян кьезе;<br>3. Ц1алул бажари борхизаби | | | |
| 6 | Калам цебет1езаби. Кеч1 ц1али | 1 | Калам цебет1езаби | Ц1алдохъабазул пасих1го ц1алиялъул бажари борци ва цебет1езаби | | | |
| 7 | Муса Мух1амадов. Манарша | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Г1умруялъул х1акъалъулъ баян кьезе.<br>2.Аслиял героязулгун лъай-хъвай гьаби. | Гьум. 67-108 | | |
| 8 | Х1ажи Гъазимирзаев. Васасде. Гьудуласде. Лъалхъуге, дир барти | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Шаг1ирасе умумузул г1амал- хасият, хирияб ракь, маг1арул халкъалъул хиралъи бихьизабизе<br>2. Ц1алдохъабазда адаб-х1урматалъул к1одолъиялъул ва гьелъул гьунаралъул к1одолъи бич1ч1и;<br>3. Ц1алдохъабазул бажари борхизаби | Гьум. 109-110 Рек1ехъе лъазабизе | | |
| 9 | Машидат Гъайирбекова. Эбелалъул рак1 Эбелалъул кеч1. Коч1олъ батана дир рух1. | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Шаг1иралъул г1умру ва адабияб х1арактчилъиялъул бицине;<br>2. Ц1алдохъабазул эбелалде дагьабги адаб-х1урмат ц1ик1к1ине гьаби;<br>3. Ц1алдохъабазул бажари борхизаби | Гьум. 112-115<br>Рек1ехъе лъазабизе | | |
| 10 | Калам цебет1езаби. Сочинение. Эбел | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Эбелалде бугеб бербалагьи ва рокьи ц1ик1к1инаби; | Сочинение лъуг1инабизе | | |
| 11 | Фазу Г1алиева. Кини | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Фазул г1умру ва адабияб х1аракат.<br>2. Аслиял героязе къимат кьей;<br>3. Маг1арул ч1ужуг1аданалъул г1акъиллъи, сабруялъул к1одолъи бихьизаби.<br>4. Васасде ва йик1инесей нусалде Халунил бугеб бербалагьи бихьизаби | Гьум. 116-125 | | |
| 12 | Г1абасил Мах1амад. Саба-Меседо | 1 | Ц1ияб дарс бици | 1. Г1абасил Мах1амадил г1умруялъул ва хъвадарухъанлъия-лъул бици;<br>2. Аслиял героялгун лъай-хъвай гьаби;<br>3. Ролазде бикьун, ц1али | Гьум. 126-150 | | |
| 13 | Саба-Меседо | 1 | | 1. Ролазде бикьун ц1али; | Гьум. 150-186 | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 2. Ц1алул бажари борхизаби | | | |
| 14 | Г1арип Расулов.<br>Хазина | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Г1арип Расуловасул г1умру ва адабияб х1аракат;<br>2. Хабар ц1али;<br>3. Аслиял героязул бици | Гьум. 191-195 | | |
| 15 | Мух1амад Ах1мадов.<br>Дие бокьун.<br>Гьале г1азу балеб.<br>Ч1ужуг1адан | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Шаг1ирасул г1умруялъул х1акъалъулъ баян кьезе;<br>2. . Куч1дул ц1али ва разбор гьаби;<br>3. Ц1алдохъабазул ц1алул бажари борхизаби; | Гьум. 244-246<br>Рек1ехъе лъазабизе | | |
| 16 | Ибрагьим Х1усейнов.<br>Имам Шамилги ягьудияв Юсупги | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Г1умруялъул х1акъалъулъ баянал кьезе;<br>2. Имам Шамилил х1акъалъулъ баян кьезе;<br>3. Кеч1 ц1али. | Гьум. 296-299 | | |
| 17 | Х1асил гьабиялъул дарс | 1 | Х1асил гьаби | 1. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби;<br>2. Малъаралъул х1асил гьаби | | | |

**Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъ IX классалъул**
**ц1алдохъабазда церелъолел аслиял т1алабал**

Ц1алдохъабазда лъазе ккола:

- эркенлъиялъе г1оло гьабураб маг1арулазул къеркьеялъулги ада- бияталъулги хурхен ч1езабизе;
- лъазарурал асаразда жаниб тарихиял хаслъаби ратизе;
- лъазарурал асаразул композиция, сюжет ва сипатал г1уц1араб тартиб;
- лъазарурал асаразул аслиял багьадуразул г1амал-хасияталъул г1аммаб к1варальул бицине;
- лъазарурал асаразул жанралъулал хаслъаби ратизе;
- критикиял макъалабазда лъазарурал асаразе къимат кьезе;
- программаялда рек1ехъе лъазаризе рихьизарурал текстал рек1ехъе лъазе;

**Ц1алдохъабазухъа бажаризе ккола:**

- хъвадарухъанас раг1удалъун г1уц1арал художествиял сипатал цереч1езаризе;
- асаралъ рорхулел аслиял суалал ратизе;
- лъазабулеб асаралда жаниб, багьадуразул сипатазул ва сипатияб каламалъул к1вар рагьизе;
- художествиял асарал пасих1го ц1ализе;
- бицунебги хъвалебги жиндирго к1алъаялъул план г1уц1изе;
- хъвадарухъанас раг1удалъун г1уц1арал художествиял сипат-сура- тал цереч1езаризе;

**I**

- идеябгун-художествияб хаслъиги х1исабалде босун, асаралъул тайпа ч!езабизе. (эпосиябищ, лирикайищ, драмайищ гьеб кколебали);
- асаралъ рорхулел аслиял суалал ратизе;

-малъараб асаралда жаниб сюжеталъул, г1уц1иялъул, героязул об- разазул ва сипатияб каламалъул идеябигун художествияб к1вар рагьизе;

- асаралъул идеяб маг1на рагьизе героясул бугеб к1вар ва авторас гьесие кьолеб къимат батизе;
- асаралъул ва гьелъул героязул х1акъалъулъ лъугьараб жиндирго) пикру кьуч1аблъун гьабизе;
- художествйял, общественниябгун-политикиял, гьединго литера- турияб критикаялъулал текстал бит1ун, дурун, раг1ун ц1ализе;
- художествиял асарал пасих1го ц1ализе;
- бицунебги хъвалебги жиндирго к1алъаялъул план г1уц1изе;
- зах1маталъул темаялда творческиял сочинениял хъвазе (жидерго х1алт1ул х1албихьиялъул кьуч1алда ва малъарал асаразда т1асан);
- общественниябгун-политикияб ва литературияб критикаялъулал макъалабазул къокъаб х1асил хъвазе, гьезие план г1уц1изе;
- цо литературияб асаралда т1асан доклад яги къокъаб к1алъай х1адуризе

# Дагъистаналъул адабият 11 класс

| № п/п | Дарсил тема | Дарсил мурад | Рокъобе х1алт1и |
|---|---|---|---|
| 1 | 1917-1945 соназда Дагъистаналъул советияб адабият | 1. Дагъистаналъул миллатазда ц1ияб рух1 лъезе, кинаб ч1аголъиялъул нухде лъугьине, жагьиллъиялдаса рорч1изе К1удияб Октябралъул революциялъул к1вар | Лекция лъазабизе |
| 3 | Х1абибат ва Х1ажияв. Чирмакъолол г1арз. Кири. Баг1араб рогьел. Милъиршодул кеч1. Баг1арав партизан | 1. Трагедиялъул х1асил ц1алдохъабазда лъай;<br>2. Дагъистаналъул миллатазул поэзия цебет1ей ва т1егьай бихьизаби<br>3. К1алзул калам цебет1езаби; | Гьум. 6-12 |
| 4 | Сулахъалънуг1лъи гьабула. Хъабчилъ бах1арзал | 1. Революциялъул нухда ц1ияб ч1аголъи г1уц1и бихьизаби | Гьум. 16-34 |
| 5 | Ст1ал Сулейман. Эркенлъи. Муллабазде. Бечедал чиновникал-чиновникал Х1алт1хъан | 1. Ст1ал Сулейманил х1акъалъулъ къокъаб баян кьезе;<br>2. Эркенаб зах1маталъул, г1адамазул рух1ияб бечелъиялъул, зах1маталъул инсанасул т1адег1анлъиялъул х1акъалъулъ бицине поэтасул гьунар бихьизаби | Гьум. 39 |
| 6 | Нилъер къуват Комсомол Октябралде | 1. Халкъалъул къуват бихьизабизе Сулейманил бугеб махщел бати;<br>2. Ц1алдохъабазул ц1алул даража борхизаби;<br>3. К1алзул калам цебет1езаби; | Гьум. 42 |
| 7 | Ц1адаса Х1амзат ГIисинил гьвел кечI. Советазде щал рищизе колел? | 1. Ц1адаса Х1амзат- авразул советияб литератураялъе кьуч1 лъурав раг1ул устар вук1ин лъай;<br>2. Какун беццулеб, беццун какулеб шаг1ирасул сатираялъул аслияб мугъру бук1ин лъай. Гьимиги, т1ад велъиги, хъач1го какиги асаралда жаниб х1алт1изабун бугеб куц бихьизаби | Гьум. 44-51 |
| 8 | ХIамабагьадурлъи. | 1. Г1иси-бикъинаб, гьадингояб жоги к1одо гьабун, ццин | Гьум. 51-53. Кесек рек1ехъе |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | МагIарул росабазде дандеккун, Москваялъул гIунгутIаби | балъаргъиналъ ва гьелъие бокьараб гьабиялъ, г1антаб ч1ух1иги кьолон, кьалде лъугьиналъ балагьалде ц1алеб куц;<br>2. «Г1акълу-цебе, ццин-нахъе», - ян абураб халкъияб кициялъул сан гьабич1олъиялъ кьолеб х1асил ва Х1амзатил насих1ат;<br>3. Ц1алдохъабазул ц1алул бажари борхизаби | лъазабизе |
| | | | |
| 9 | Заид ХIажиев Тушманасе. Маххул къебелъухъ ТIогьол магIдан. | 1. Г1умруялъул ва творчествоялъул х1акъалъулъ къокъаб баян кьей;<br>2. Поэзиялъул к1варалъул ва поэтасул борчалъул х1акъалъулъ пикраби;<br>3. Ракьалда  х1ебт1уларел ракьулъ х1ебт1улин абурал раг1абазул маг1на бич1ч1изаби;<br>4. Ц1алдохъабазул ц1алул бажари борхизаби | Гьум. 56-67 |
| 10 | Ч1агояб экран | 1. Поэтасул сатирикияб асар ц1али ва анализ гьаби;<br>2. Ц1алдохъабазул ц1алул бажари борхизаби;<br>3. К1алзул калам цебет1езаби | Гьум. 60-67 |
| 11 | ГIазиз Иминагъаев Дибирги ясги  Тушман тIагIинавизин Бергьенлъи нилъехъ букIина. | 1. Г1азиз Иминагъаевасул литературияб х1аракатчилъиялъул бицине;<br>2. Нек1сиял г1адатал г1ужие гъезе, рух1ияб хъант1и къват1иб ч1вазабизе бугеб гьунар бихьизаби;<br>3. Ц1алдохъабазул ц1алул бажари борхизаби; | Гьум. 68-70 |
| 12 | Эфенди Капиев Гуч | 1. Эфенди Капиевасул г1умруялъул ва х1аракатчилъиялъул х1акъалъулъ къокъабго баян кьей. 2. «Гуч» абураб бут1аялъул идея ва образал ц1алдохъабазда лъай;<br>3. Ц1алдохъабазул ц1алул бажари борхизаби; | Гьум. 71-78 |
| 13 | АбутIалип Гъапуров Баси Дида бичIчIана Дуг1а | 1. Абут1алип Гъапуровасул г1умруялъул ва творчествоялъул х1акъалъулъ баян кьей;<br>2. Цо-цо гьит1инаб зарал гьукъизеян г1адамаз, к1удияб камиялъе каву рагьун батула;<br>3. Ц1алдохъабазул ц1алул бажари борхизаби; | Гьум. 79<br>Рек1ехъе лъазабизе Гум.80 |
| 14 | ГIакъилал рагIаби. МугIрул Катил хIеж | 1. Эбел-инсул адаб гьабиялъ нилъее щиб кьолеб баян гьабизе;<br>2. Х1алт1ич1ого чи бечелъуларо, гьелъул къимат кин гьабизе кколеб лъай; | Гьум. 81-82 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | 3. Гьудуллъи бук1ин нилъер киназулго бищунго рак1ч1араб къуват ц1алдохъабазда лъай | |
| 15 | Абумуслим Жафаров ЧIагоял рукъуларо | 1. Абумуслим Жафаровасул г1умруялъул ва творчествоялъул х1акъалъулъ къокъаб баян кьей;<br>2. Поэмаялъулъ<br>рагъул тема рагьи; | Гьум. 82-90 |
| 16 | Куркьбал ругеб хъачагъ | 1. «Куркьбал ругеб хъачагъ» (цебеккун малъараб «Сих1ираб ци» абураб бут1аги дандекъан, анализ гьаби;<br>2. Ц1алдохъабазул ц1алул бажари борхизаби;<br>3. К1алзул калам цебет1езаби | Гьум. 97-102 |
| 17 | 1946-1990 соназда Дагъистаналъул миллияб адабият. Маг1арухъ тараб рак1 | 1. Совет улкаялда социализм бергьин, гьелъул кьуч1алда культурияб г1умру т1егьай, литература цебет1ей бихьизаби;<br>2. Рагъул соназ Совет халкъалъ бихьизабураб бах1арчилъиялъул, гьунаразул х1акъалъулъ асарал рак1алде щвезари;<br>3. Ват1ан хиралъиялъул тема г1ат1идго рагьи | Гьум. 103-111 |
| 18 | Росдал къебелъухъ. Ракълил танк. Рит1уч1. Нухлулав. Гъасда. Кьо. Маг1арулав ватани | 1. Гьудул-гьалмагълъиялде, Ват1аналде рокьи ц1ик1к1инаби; Гьеб ц1уни-киназулго налъи;<br>2. Ц1алдохъабазул ц1алул бажари борхизаби;<br>3. К1алзул калам цебет1езаби | Гьум. 111-114 |
| 19 | Буран. Огниялда. Хъизаналъул иш | 1.Къиса ц1али ва гьелъул анализ гьаби;<br>2. Хъизан-киналъулго бет1ер бук1ин лъай бич1ч1изаби<br>3. Ц1алдохъабазул ц1алул бажари борхизаби; | Гьум. 115-131 |
| 20 | Лъукъараб кеч1. Рак1алъ ц1а гъолеб буго. Дун разияб къо. Вореги чанахъан. Маг1арул чи-чармил си.<br>Кьенсдерил г1урухъ | 1. Ц1алдохъабазул ц1алул бажари борхизаби;<br>2. К1алзул калам цебет1езаби;<br>3.Асаразул анализ гьаби | Гьум. 141-163 |
| 21 | Расул ХIамзатов Хъулбузул хIакъалъулъ.Васигат. | 1. Расул Х1амзатовасул г1умруялъул ва творчествоялъул х1акъалъулъ ц1алдохъабазул бугеб лъай г1амлъизаби;<br>2. «Щванщинаб росулъ дуего рукъ бай»,-ян абураб абиялъул маг1на рагьизе;<br>3. Ц1алдохъабазул ц1алул бажари борхизаби;<br>4. К1алзул калам цебет1езаби | Гьум. 165-166 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 22 | ГьудулзабицIуне! КечIалин щайгурин, щибаб рагIиги. Какил сагIат. | 1. Ц1алдохъабазда гьоркьоб гьудуллъи щула гьаби. Гьудуллъи-вацлъи-лъуг1игьеч1еб хазина бук1ин лъай; . Как балеб мехалъ Аллагьасде вуссун, хут1араб мехалъ гьесде мугъ рехун, гьабулеб г1умруялъ нилъ сунде рачунелали бич1ч1инаби<br>2. Ц1алдохъабазул ц1алул бажари борхизаби; | Гьум. 167-168 Кеч1 рек1ехъе лъазаби |
| 23 | Дун дандчIвазе ккола чIужугIадангун къаси. Рокьи бач1ана. Инсулгун гара – чIвари | 1. Рокьи гьаби-саяхъ хьвади бук1ин бич1ч1инаби;<br>2. Ц1алдохъабазул ц1алул бажари борхизаби;<br>3. К1алзул калам цебет1езаби | Гьум. 170-185 |
| 24 | АхIмадхан Абу-Бакар. ХъахIаб сайгак | 1. Хъвадарухъанасул г1умруялъул ва творчествоялъул х1акъалъулъ къокъаб баян кьей;<br>2. Къиса ц1али | Гьум. 186-193 |
| 25 | Муса МухIамадов «Бакъдасел» | 1. Муса Мух1амадовасул х1акъалъулъ баян кьей;<br>2. Къисаялъул идея, аслиял образал рихьизари | Гьум. 206-212 |
| 26 | «Бакъдасел». Ч1ег1ераб гамач1 | 1. Жакъасел маг1арулазул г1умруялъул ва рук1а-рахъиналъул г1ат1идаб сурат бихьизаби. Советиял г1адамазул рух1ияб бечелъиялде ва берцинлъиялде авторас кьолеб бугеб к1вар бихьизаби;<br>2. Ц1алдохъабазул ц1алул бажари борхизаби; | Гьум. 212-223 |
| 27 | Аткъай. РитIучIил лълъурдул | 1. Поэтасул г1умруялъул ва творчествоялъул х1акъалъулъ къокъаб баян;<br>2. Г1адамазде, т1абиг1аталде бугеб рокьи ц1ик1к1инаби;<br>3. Ц1алдохъабазул ц1алул бажари борхизаби; | Гьум. 224-229 |
| 28 | Дун чIухIула | 1. Вас вецци ничаб жо бук1ин бихьизаби;<br>2. Ц1алдохъабазул ц1алул бажари борхизаби; | Гьум. 230-235 |
| 39 | Фазу ГIалиева. Кьолбол мугьру | 1. Фазу Г1алиевалъул творчествоялъул ва г1умруялъул х1акъалъулъ къокъаб баян кьей;<br>2. Жакъасел маг1арулазул г1умруялъул ва рук1а-рахъиналъул г1ат1идаб сурат цебеч1ч1изабулеб бугеб куц бихьизе лъай. | Гьум. 245-254 |
| 30 | Кьолбол  мугьру | 1. Умумузул ирсилаллъун кколел г1олилазул рух1ияб дунялалъул г1ат1илъи, бечелъи бихьизаби;<br>2. Ц1алдохъабазул ц1алул бажари борхизаби; | Гьум. 254-267 |
| 31 | Мут1алиб Митаров. Чагуралъул къиса | 1. Мут1алиб Митаровасул г1умруялъул ва литературияб х1аракатчилъиялъул къокъабго баян кьей;<br>2. Поэмаялъул тема ва идея рагьи | Гьум. 270-276 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 32 | Хизгил Авшалумов.Вас. Дербенталдаса Шимил харбаздасан. ХIамалъун ана, хIамалъун вуссана | 1. Хъвадарухъанасул г1умру ва литературияб х1аракатчилъи;<br>2. Халкъазул гьудуллъи, лъик1ал миллиял г1адатал рихьизаризе авторасул гьунар бихьизе лъай | Гьум. 277-283 |
| 33 | Диплом босараб хIама. ЩайтIан… | 1. Нек1сиял ва гьанжесел зaралиял г1адатал ва г1адамазул квешал рахъал какизе хъвадарухъанасул махщел бихьизаби;<br>2. Ц1алдохъабазул ц1алул бажари борхизаби;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | Гьум. 283-289 |
| 34 | Х1асил гьабиялъул дарс | | Гьум. 290-291 |